Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение
«Средняя общеобразовательная школа №1 города Шелковская»

ПРИНЯТО
на Педагогическом совете
Протокол № 1 от 30.08.2025г.

УТВЕРЖДЕНО
Директор МБОУ «СОШ №1 г.Шелковская»
____________/З.Л.Чулаева /
Приказ № 249 от 30.08.2025г.

СОГЛАСОВАНО
с родительским комитетом школы
Протокол № 3 от 30.08.2025г.

МУНИЦИПАЛЬНОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ "СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА № 1 ГОРОДА ШЕЛКОВСКАЯ"

Подписано: МУНИЦИПАЛЬНОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ "СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА № 1 ГОРОДА ШЕЛКОВСКАЯ"
DN: cn=МУНИЦИПАЛЬНОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ "СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА № 1 ГОРОДА ШЕЛКОВСКАЯ", c=RU, o=МУНИЦИПАЛЬНОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ "СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА № 1 ГОРОДА ШЕЛКОВСКАЯ", email=shamilvu@mail.ru
Дата: 2025.10.06 11:42:52 +03'00'

# Положение

# о порядке ведения тетрадей по родному(чеченскому) языку и родной(чеченской литературе)

# в МБОУ «СОШ №1 г.Шелковская»

**Нохчийн меттан а, литературин а тетрадаш кхочушдаран низам**

Дешархоша тетрадаш тІехь йоза лахахь балийнчу лехамашца кхочушдан деза:

– берриге а белхаш кхочушбан беза цІена а, йоза къаьсташ а (йоза къаьсташ доцчу белхийн мах хадош бац); сийна шекъа долу ручка а лело йеза;

– талламан белхашна леринчу тетрадаш тІехь бес-бесара къоламаш, фломастерш лело ца магадо;

– тетрадийн мужалташ тІера йоза хила деза хІокху кепара:

| |
|---|
| Шелковскера № 1 йолчу йуккъерчу ишколан<br>10 (А, Б, В) классан дешархочун<br>Вадудова Майсин<br>нохчийн меттан<br>белхийн тетрадь |
| |
| Шелковскера № 1 йолчу йуккъерчу ишколан<br>11 классан дешархочун<br>Шамаева Зайдатан<br>нохчийн меттан<br>талламан белхийн тетрадь |
| |
| Шелковскера № 1 йолчу йуккъерчу ишколан<br>9 (А, Б, В) классан дешархочун<br>Черхигов Расулан<br>нохчийн меттан, литературин<br>кхоллараллин белхийн тетрадь |
| |
| Шелковскера № 1 йолчу йуккъерчу ишколан<br>9 (А, Б, В) классан дешархочун<br>Эльжуркаев Мохьмадан<br>нохчийн литературин<br>белхийн тетрадь |

1. Болх кхочушбаран терахь могІанна йуккъехь йаздан деза. 5–11-чу классашкахь терахь йозанца дІайаздо, ткъа йуьхьанцарчу классашкахь – терахьашца. *Масала:*

Товбецан беттан иссалгІа де
(5–11 кл.)
Товбецан беттан 9-гІа де (Йуьхьанцара кл.)

**Терахьаш йаздаран кеп**

1. Кхолламан беттан хьалхара де
2. Чиллин беттан шолгIа де
3. Бекарг беттан кхоалгIа де
4. Оханан беттан доьалгIа де
5. ХIутосург беттан пхоьалгIа де
6. Асаран беттан йалхалгIа де
7. Мангалан беттан ворхIалгIа де
8. Хьаьттан беттан бархIалгIа де
9. Товбецан беттан иссалгIа де
10. Эсаран беттан итталгIа де
11. Лахьанан беттан цхьайтталгIа де
12. ГIуран беттан шийтталгIа де
13. Кхолламан беттан кхойтталгIа де
14. Чиллин беттан дейтталгIа де
15. Бекарг беттан пхийтталгIа де
16. Оханан беттан йалхитталгIа де
17. ХIутосург беттан вуьрхIитталгIа де
18. Асаран беттан берхIитталгIа де
19. Мангалан беттан ткъоьсналгIа де
20. Хьаьттан беттан ткъолгIа де
21. Товбецан беттан ткъе цхьолгIа де
22. Эсаран беттан ткъе шолгIа де
23. Лахьанан беттан ткъе кхоалгIа де
24. ГIуран беттан ткъе доьалгIа де
25. Кхолламан беттан ткъе пхоьалгIа де
26. Чиллин беттан ткъе йалхалгIа де
27. Бекарг беттан ткъе ворхIалгIа де
28. Оханан беттан ткъе бархIалгIа де
29. ХIутосург беттан ткъе иссалгIа де
30. Асаран беттан ткъе итталгIа де
31. Мангалан беттан ткъе цхьайтталгIа де

2. ШолгIачу могIанехь доккхачу элпаца дIайаздан деза кхочушбечу белхан тайпа. *Масала:*

Талламан болх

ГIалаташ тIехь болх

Изложени

Сочинени

3. Доккхачу элпаца могIанна йуккъехь дIа а йазйеш, болх кхочушбен меттиг билгалйаккха йеза. *Масала:*

Классера болх

ЦIера болх

Классерчу а, цIерачу а белхашна йукъахь 2 могIа бита беза.

МогIанна йуккъехь дIа а йазйеш, шардаран лоьмар билгалйаккха йеза. «Шардар» дош дуьззана йаздо. *Масала:*

201-гIа шардар

4. Сочиненин, изложенин тема йуьззана дIайазйан йеза, чаккхенехь къаьсттанчу хьелашкахь (дукхахьолахь, хаттаран а, айдаран а хьаьркаш, дукхатIадамаш оьшучохь) бен сацаран хьаьрк а ца хIоттош. *Масала*:

Бекарг беттан кхоалгIа де

Сочинени

Дашо гуьйре

Оханан беттан доьалгIа де

Изложени

Адамалла

ХIутосург беттан пхоьалгIа де

Сочинени

Муха хила веза доттагI?

Асаран беттан йалхалгIа де

Изложени

Турпалхой бицлур бац!

Мангалан беттан ворхIалгIа де

Сочинени

Со хьехархо хилча…

Сочиненин, изложенин тема цIоьмалгийн къовларш (кавычкаш) йукъахь йазйо, нагахь темина схьаэцнарг цитата йелахь. *Масала*:

«Ненан мотт, хьо ду сан дахар…» (Талхадов И.Хь.)

5. Болх могIанан тетрадаш тIехь кхочушбан беза. Нохчийн меттан 12 кехат (лист) долу цхьанатайпана шиъ белхан тетрадь хила деза, талламан белхийн – цхьа тетрадь, кхоллараллин белхийн – цхьа тетрадь. Нохчийн литературин – белхан цхьа тетрадь (8–11-чуй классашкахь 48 кехат долуш),

кхоллараллин белхийн – цхьа тетрадь (нохчийн меттан а, литературин а кхоллараллин белхаш цхьана тетрадь тIехь кхочушдан магадо).

Белхашкахь цIен могIа (абзац) ларбан беза.

6. Билгалонан хьаьркаш а, сизаш а къоламца дан деза.

## Хьехархочо йозанан белхаш талларан низам

### Нохчийн мотт

Дешархойн цIера а, классера а, кхидолу а белхаш кхочушден тетрадаш толлуш ду:

– 5-чу классашкахь – хIора а урок чекхйаьлча, массо а дешархочун;

– 6-чу классашкахь – хьалхарчу эхашарахь – хIора урок чекхйаьлча, массо а дешархочун; шолгIачу эхашарахь – хIора урок чекхйаьлча, хаарш ледара долчу дешархойн, вукхеран – кIиранах шозза;

– 7–9-чуй классашкахь – керла тема йолайале хьалха – массеран а, кхидолчу хьолехь – харжамца. Муьлххачу хьолехь а хIора тетрадь кIиранах цкъа толлуш хила деза;

– 10–11-чуй классашкахь тетрадаш харжамца толлу, хIора тетрадь баттахь шозза толлуш хила деза.

### Литература

5–9-чуй классашкахь хаарш ледара долчу дешархойн кIиранах цкъа толлу, вукхеран – баттахь шозза;

10–11-чуй классашкахь – баттахь цкъа.

Къаьсттана тIе тидам бахийта беза дешархойн йозанан хатI хаза а, нийса а хилийтарна.

**Талламан а, диагностикин а** белхаш, тематикин хьесапца догIуш, хIора тема чекхйаьлча дIахьо.

**Ца магадо** талламан белхаш **чийрикан хьалхарчу деношкахь а**, дезденош дIадевллачул тIаьхьа **хьалхарчу деношкахь а**, дийнан **хьалхарчу а, тIаьхьарчу а урокашкахь**.

Талламан белхаш, тесташ, талла а теллина, рогIерчу урокехь дIало дешархошка.

Изложенеш, сочиненеш, кхидолу кхоллараллин белхаш, талла а теллина, 5–6 де далале дIало дешархошка.

## Дешархойн барта жоьпийн а, йозанан талламан белхийн а маххадоран барамаш

### 5–11 классийн дешархойн барта жоьпийн маххадор

**Дешархойн барта жоьпийн маххадоран критереш:**

1) дуьззана а, нийса а жоп далар;

2) Iамийнчух кхетаран тIегIа;

3) меттан говзалла.

**«5» дуьллу:**

Iамийна материал, кхета а кхеташ, йуьззана схьайиийцахь; материалах, шен масалш а далош, пайдаэца хаахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а йеш, шен ойланаш хьалха-тIаьхьа нийса а, вовшашца йозуш а йиийца хаахь.

**«4» дуьллу:**

Iамийна материал, кхета а кхеташ, йуьззана схьайиийцахь; материалах, шен масалш а далош пайдаоьцучу хенахь цхьа-ши гIалат далийтахь, йуха ша уьш нис а деш; нохчийн литературин меттан норманаш лар а йеш, шен ойланаш хьалха-тIаьхьа нийса а, вовшашца йозуш а йуьйцучу хенахь ши-кхо кхачамбацар хилахь.

**«3» дуьллу:**

Iамийна материал, гIалаташ дохуш, йуьззана схьа ца йиийцахь; материалах пайдаоьцучу хенахь шен масалш ца даладахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца йеш, шен ойланаш, хьалха-тIаьхьалла гал а йоккхуш, йуьйцуш хилахь.

**«2» дуьллу:**

Iамийнчу материалан коьрта чулацам ца хаахь; материалах пайдаэца ца хаахь; нохчийн литературин меттан норманаш лар а ца йеш, шен ойланаш, хьалха-тIаьхьалла гал а йоккхуш, вовшашца йозуш а йоцуш, йуьйцуш хилахь.

**«1» ца дуьллу.**

Дешархочун балха тIехь гIалат лара деза, барта луш долу жоп муьлхха а бакъо талхош хилахь.

Дешархочун балхана «5», «4», «3» дуьллу, нагахь санна урокан йохаллехь, барта жоьпаш луш дакъа а лаьцнехь, цуьнан белхан таллам бича, бакъонех пайдаэца а хиънехь.

## 5–11 классийн дешархойн йозанан талламан белхийн маххадор

### I. Талламан болх (диктант)

**1. Дешаран шарахь 5–11 классашкахь талламан диктантан барам**

5 класс – 80–90 дош
6 класс – 90–105 дош
7 класс – 105–120 дош
8 класс – 120–135 дош
9 класс – 135–150 дош
10 класс – 150–160 дош
11 класс – 160–170 дош
(Дешнаш дагардеш, гӀуллакхан къамелан дакъош а лору).

**2. Талламан диктантан маххадор**

**«5»** – 0/0, 0/1, 1/0 сов гӀалат (орфографин а, пунктуацин а) дацахь;
**«4»** – 2/2, 1/3, 0/4, 3/0, 3/1 сов гӀалат дацахь;
**«3»** – 4/4, 3/5, 2/7, 5/4, 6/3 сов гӀалат дацахь;
**«2»** – 4/4, 3/5, 2/7, 5/4, 6/3 сов гӀалат делахь.

Дешархочун талламан балха тӀехь гӀалат лара деза, муьлхха а орфографин а, пунктуацин а бакъо талхош, диктант йазйале оццу классехь йа цул лахарчу классашкахь Ӏамийнчух иза хилахь. Нагахь санна талламан диктантехь 5 нисдар (нийса цайаздинарг нийсачуьнца хийцина) хилахь, оценка цхьана баллана лахйо, иштта «5» ца дуьллу, диктантехь 3 йа цул сов нисдар хилча.

**Оценка йуьллуш, ца лоруш дуьту:**

– тилкхаздаьлла гӀалат (описка), масала, *белхало* хила дезачохь *белхано* йаздинехь, *Ӏуьйре* хила дезачохь *Ӏуьйле* йаздинехь;

– къовсамечу меттигашкахь чолхечу дешнийн нийсайаздар, масала: *пайдаэцар – пайда эцар, нийсайаздар – нийса йаздар, гӀодар – гӀо дар;*

– дешнашкахь дифтонгаш йазйар: *къега – къиэга, терса – тиэрса, оза – уоза, йеха – йиэха,* и. д. кх. а;

– цӀердешан къовсаме йаздар: *дарц – дарцан – дорцан; мох – мохо – махо,* и. д. кх. а.

**Даккхий гІалаташ лору:**

– хьалха Іамийна а, йозанехь алсам пайдаоьцуш а йолу орфографин, пунктуацин бакъонаш талхош долу гІалаташ;

– мукъазчу элпашна йуккъе йаздеш долу къасторан хьаьркаш, масала: *хІаллакъхилла, (хІаллакьхилла), меттахьхьайра (меттахъхьайра);*

– ихначу хенан хандешнийн йаздар, масала: *бохара (бохура), моьттара (моьттура);*

– цІердешнийн хІокху кепара йаздар: *дечган (дечиган), аьчган (эчиган);*

– цІердешнаш а, билгалдешнаш а йацйинчу кепехь йаздар, масала: *гІулкх (гІуллакх), гІилкх (гІиллакх), дикниг (диканиг).*

Цхьана бакъонна даьккхина хьалхара кхо гІалат цхьа гІалат лору, цу тайпана кхин дІа долу гІалат лоруш ду.

**Диктантах а, тІедахкарех а** (фонетикин, лексикин, орфографин, грамматикин, пунктуацин) лаьттачу талламан белхашкахь **ши оценка** йуьллу (диктантана а, тІедилларна а).

**ТІедахкарийн маххадоран барамаш**

**«5»** – массо а тІедиллар нийса кхочушдина;

**«4»** – тІедахкарийн ¾ дакъа нийса кхочушдина;

**«3»** – болх эханал кІезиг кхочуш ца бина;

**«2»** – болх кхочуш ца бина йа эханал кІезиг кхочушбина.

**Билгалдаккхар:**

ТІедиллар кхочушдарехь даьхна орфографин а, пунктуацин а гІалаташ, диктантан мах хадош, лору.

**II. Талламан болх (дешнийн диктант)**

**1. Дешаран шарахь 5–11 классашкахь талламан дешнийн диктантан барам**

5 класс – 10–15 дош

6 класс – 15–20 дош

7 класс – 20–25 дош

8 класс – 25–30 дош

9 класс – 30–35 дош

10 класс – 35–38 дош

11 класс – 38–40 дош

2. **Талламан дешнийн диктантан маххадор**

**«5»** – гIалаташ ца даьхна;

**«4»** – 1–2 гIалат;

**«3»** – 3–4 гIалат;

**«2»** – 5 йа цул сов гIалат.

## Талламан болх (диктант) кхочушбайтарехь хьехархочо пайдаоьцу некъаш

1. Диктантан текст шен чулацамехь дешархой кхеташ а, хIинцалерчу литературин меттан лехамашца йуьззана нийса йогIуш а хила йеза.

2. Диктантан дерриге а дешнаш дешархошна кхеташ хила деза. КIезиг лелош а, девзаш доцу а дешнаш довзуьйту.

3. Диктантан текстехь хала дешнаш хилахь, и дешнаш йозанан уьн тIе дIайаздо.

4. Текст хьехархочо дIайешар литературин меттан норманашца нийса а, муха йаздан деза дешархошна дIа ца хоуьйтучу кепара а хила деза. Масала, *кIайн, халкъан* бохучу дешнашкахь, литературин меттан нийсааларан норманашца цхьаьнадогIуш, чаккхенгара ***н*** ца олу, ткъа *тайниг, девзиг* дешнашкахь **к**-ний, **г**-ний хьалхахь долу ***и*** элп, ***а*** долуш санна, олу.

Ненан меттан йозанан белхийн маххадоран чIагIбина барамаш лелоро гIо дан декхар ду ненан мотт хьехаран говзалла лакхайаккхарна а, Iаморан а, талларан а кепехь болчу йозанан белхийн лехамаш цхьанакепара хилийтарна а.

ХIора дешаран шо долалуш, хьалхарчу чийрикехь талламан белхан (диктантан) текстехь дешнийн дукхалла дIадахана дешаран шо чекхдолуш хиллачу талламан белхан дешнийн барамехь маго йеза.

## Сочиненин а, изложенин а маххадор

Сочинени а, изложени а йазйар дешархойн дозуш долу къамел кхиоран коьрта кепаш йу.

5–11-чуй классашкахь сочинени, изложени йазйар дIахьо, «Дозуш долу къамел карадерзор» программин декъан лехамашца догIуш.

Сочинени а, изложени а йазйарехь толлу:

– билгалйина тема схьайелла хаар;

– темица а, хьесапца а догIуш, меттан гIирсех пайдаэца хаар;

– меттан барам а, нийсайаздаран бакъонаш а ларйар.

**Сочиненин а, изложенин а чулацаман мах хадош, тидаме оьцу хIара критереш:**

– болх темица богIуш хилар;
– тема кхачо йоллуш схьайеллар;
– чулацаман хиламийн рогIалла нийса хилар;
– меттан исбаьхьаллин гIирсех пайдаэцар;
– къамелан говзалла.

Нийсайаздаран мах хадабо, дешархочо даьхначу орфографин, пунктуацин, грамматикин гIалаташка хьаьжжана. Изложенин текст йозуш а, дешархой шех кхеташ а, кхетош-кхиоран, Iаморан маьIна долуш а хила йеза. Изложенина хаьржина текст хьехархочо шозза йоьшу.

**5–11 классашкахь изложенин текстан барам**

**Ма-йарра изложени**
5 класс – 90–129 дош
6 класс – 130–169 дош
7 класс – 170–209 дош
8 класс – 210–249 дош
9 класс – 250–299 дош
10 класс – 300–349 дош
11 класс – 350–400 дош

**Йаццйина изложени**
5 класс – 95–134 дош
6 класс – 135–179 дош
7 класс – 180–229 дош
8 класс – 230–269 дош
9 класс – 270–309 дош
10 класс – 310–359 дош
11 класс – 360–410 дош

**10–11-чуй классашкахь йазйечу сочиненин текстан барам**
5 класс – 60 дашал сов;
6 класс – 80 дашал сов;
7 класс – 120 дашал сов;
8 класс – 160 дашал сов;
9 класс – 220 дашал сов;
10 класс – 280 дашал сов;
11 класс – 360 дашал сов.

## Сочиненин а, изложенин а маххадоран барамаш

Сочиненина а, изложенина а ши оценка йуьллу: хьалхарниг – чулацамна, шолгIаниг – нийсайаздарна.

**«5» дуьллу:**

– нагахь текст хьалха-тIаьхьа нийса а, йуьззана а, цуьнан идейни чулацамах нийса кхетош а, гIалаташ доцуш а, галдаьккхина хIума доцуш а йийцинехь; белхан чулацамехь цхьаннал сов кхачамбацар а, дешнаш харжарехь йа предложенеш хIитторехь шиннал сов къамелан кхачамбацар а дацахь;

– шиннал сов орфографин йа шиннал сов пунктуацин, йа шиннал сов грамматикин гIалат дацахь.

**«4» дуьллу:**

– нагахь идейни чулацам нийса а бийцинехь, дуьйцучу гIуллакхийн йерриг коьрта меттигаш хьалха-тIаьхьа хила оьшучу кепара а йийцинехь; белхан чулацамехь шиннал сов кхачамбацар а, дешнаш харжарехь йа предложенеш хIитторехь деаннал сов къамелан кхачамбацар а дацахь;

– кхааннал сов орфографин, шиннал сов пунктуацин а, йа шиннал сов орфографин, кхааннал сов пунктуацин а, йа цхьаннал сов орфографин, цхьаннал сов пунктуацин, кхааннал сов грамматикин а гIалат дацахь.

**«3» дуьллу:**

– чулацам коьртачу декъана нийса а бийцинехь, бакъдерш гайтарехь цхьаъ-шиъ нийса йоцу меттиг а йелахь, хьалха-тIаьхьа гIуллакхаш дийцарехь ладам боццу ледарлонаш а йовлийтинехь; белхан чулацамехь деаннал сов кхачамбацар а, дешнаш харжарехь йа предложенеш хIитторехь пхеаннал сов къамелан кхачамбацар а дацахь;

– пхеаннал сов орфографин, деаннал сов пунктуацин а, йа деаннал сов орфографин, пхеаннал сов пунктуацин а, йа шиннал сов орфографин, шиннал сов пунктуацин, деаннал сов грамматикин а гIалат дацахь.

**«2» дуьллу:**

– чулацам темица цхьаьнабогIуш бацахь, дуьйцучу гIуллакхийн хьалха-тIаьхьалла галйаьккхинехь, меттан хьал къен делахь, текстан стилан цхьаалла галйаьккхинехь; белхан чулацамехь деаннал сов кхачамбацар а, дешнаш харжарехь йа предложенеш хIитторехь пхеаннал сов къамелан кхачамбацар а делахь;

– пхеаннал сов орфографин, деаннал сов пунктуацин а, йа деаннал сов орфографин, пхеаннал сов пунктуацин а, йа шиннал сов орфографин, шиннал сов пунктуацин, деаннал сов грамматикин а гIалат делахь.

## Тестийн мaххадор

**«5»** дуьллу, нагахь дерриг а хаттаршна 90% – 100% нийса жоьпаш деллехь;
**«4»** дуьллу, нагахь дерриг а хаттаршна 80% нийса жоьпаш деллехь;
**«3»** дуьллу, нагахь дерриг а хаттаршна 50% – 70% нийса жоьпаш деллехь;
**«2»** дуьллу, нагахь дерриг а хаттаршна 50% лахара нийса жоьпаш деллехь.

## Тетрадаш тIехь гIалаташ билгалдахар

Белхаш толлу цIен шекъа долчу ручкица.

Хьехархочо 5–9-чуй классашкахь белхан а, талламан белхан а тетрадаш тIехь гIалаташ, (орфографин, пунктуацин, грамматикин), нис а дой, цIечу сизал дехьа билгалдоху билгалонийн хьаьркашца. Ткъа кхоллараллин белхашкахь, цул сов, къамелан, маьIнин, фактийн гIалаташ (оьшучохь нис а деш), тулгIенан сиз хьоккхий, цIечу сизал дехьа билгалдоху билгалонийн хьаьркашца.

10–11-чуй классашкахь гIалаташ (орфографин, пунктуацин, грамматикин), буха ши сиз а хьоккхий, нис а ца деш, цIечу сизал дехьа билгалдоху билгалонийн хьаьркашца. Ткъа кхоллараллин белхашкахь, цул сов, къамелан, маьIнин, фактийн гIалаташ (оьшучохь нис а деш), тулгIенан сиз хьоккхий, цIечу сизал дехьа билгалдоху билгалонийн хьаьркашца.

ГIалаташ билгалдоху хIокху билгалонийн хьаьркашца:
I – орфографин гIалат;
V – пунктуацин гIалат;
Г – грамматикин гIалат;
Къ – къамелан гIалат;
М – маьIнин гIалат;
Ф – фактийн гIалат.

## ГIалаташ тIехь болх бар

ГIалаташ тIехь болх кхочушбо талламан йа кхоллараллин белхаш теллинчул тIаьхьа.

Дешархоша гIалаташ тIехь болх бо хьехархочун гIоьнца. ГIалат даьккхина меттиг сиз хьакхарца билгал а йоккхий, дешнаш йа предложенеш нийса дIайазйо. ХIора гIалат даьккхинчу бакъонна масех масал а дIайаздан деза.

**Денойн цIераш**

Оршот-де (буьйса)
Шинари-де (буьйса)
Кхаари-де (буьйса)
Йеари-де (буьйса)
ПIераскан-де (буьйса)
Шот-де (буьйса)
КIиран-де (буьйса)

## ИШКОЛАН У (ВЫВЕСКА)

| | |
|---|---|
| АДМИНИСТРАЦИЯ ШЕЛКОВСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА МУНИЦИПАЛЬНОЕ БЮДЖЕТНОЕ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНОЕ УЧРЕЖДЕНИЕ «СРЕДНЯЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА №1 ГОРОДА ШЕЛКОВСКАЯ» | ШЕЛКОВСКИ МУНИЦИПАЛЬНИ КIОШТАН АДМИНИСТРАЦИ МУНИЦИПАЛЬНИ БЮДЖЕТАН ЙУКЪАРДЕШАРАН ХЬУКМАТ «ШЕЛКОВСКИ Г1АЛИН №1 ЙОЛУ ЙУККЪЕРА ЙУКЪАРДЕШАРАН ИШКОЛ» |